

Artikel

BARUDAK SAKOLA NGADARONGENG

Upama urang merhatikeun kaayaan basa Sunda anu diparake ku murid dina hirup kumbuh sapopoe sabenerna mah henteu matak pikahariwangeun teuing, da gening masih keneh diparake. Atuh eta pedah basana nu diparake teu hade atawa teu merenah, atuh keun bae keur saheulaanan mah. Anu penting mah basa Sunda diparake keneh ku masarakatna, pangpangna ku murid anu baris neruskeun tapak lacak budaya karuhunna. Malahan mah balukar ku pagaliwotana kaayaan, teu saeutik dina kagiatan komunikasi sapopoe murid nu ngagunakeun dua basa, nya eta basa Sunda nu direumbeuy ku basa Indonesia atawa sabalikna. Hal ieu bisa wae kajadian lantaran ayana tinimbangan sejen saperti kaayaan, jejer nu dicaritakeun, sarta jeung saha nyarita, atawa kawatesanan kosa kecap nu dipimilikna nepi ka hese ngedalkeun naon pikecapeunana.

Aya nu boga anggapan yén dongeng geus teu dipikawanoh deui ku masarakatna. Malah barudak sakola hususna ku barudak sakola, eta téh teu

Dongeng kaasup kana golongan carita balarea. Eusi dongeng loba nyaritakeun kajadian-kajadian anu pamohalan. Upamana, wae dina jalan caritana, palakuna, atawa waktu kajadianana. Nurutkeun susunan basana, dongeng kaasup kana wangun lancar (prosa), tapi sakapeung osok diselang ku ugeran (puisi) anu disebut kawih. Dina prakna didongengkeun, wangun lancar dicaritakeun, ari wangun ugeran dikawihkweun.

Nu kacaritakeun ngalalakon dina dongeng aya jalma, aya sato, aya tutuwuhan, aya mahluk lemes, jeung sajabana. Kajadian anu kacatur dina dongeng, lamun diukur ku akal mah aya anu bias katarima ku akal jeung aya deui anu dianggap pamohalan. Anu ngalalakonna oge sok ngabogaan sipat anu teu lumlah, upamana bias nerus bumi, bias ngaleungit, jeung weduk.

Dongeng nyebar ku jalan dicaritakeun ku lisan, tatalepa ti hiji jalma ka nu lianna, saperti ti indung bapa ka anu jadi anak. Dongeng rea anu geus kahot umurna, teu kapaluruh iraha jeung saha anu ngarangna. Anu matak dongeng diasupkeun kana golongan carita balarea. Dongeng nu asalna lisan the kiwari mah geus aya anu dituliskeun. Mun dipasing-pasing dongeng the beunang dijieun sababaraha golongan, di antarana bae:

- 1) Dongeng anu nyaritakeun kahirupan jalma di masarakatna jeung sajarahna. Upamana dongeng pararaja, paraputri, paranabi, parawali, tukang tani, tukang dagang, jeung sajabana. Dongeng

anu eusina nyaritakeun jalma biasa sok disebut parabel, contona *Si Kabayan, Si Garantang jeung Si Cupak, Si Sabeulah*. Sedengkeun dongeng anu eusina ngandung unsur sajarah sok disebut sage. Contona dongeng *Prabu Siliwangi, Kean Santang, Seh Abdulmuhyi*, jeung sajabana.

- 2) Dongeng anu nyaritakeun kahirupan sasatoan, saperti kuya, monyet, peucang, tutut, maung, sero, munding, manuk, jeung sajabana. Dongeng kitu sok disebut fabel. carita rekaan/dongeng anu eusina ngajarkeun moral atawa atikan budi. Ku kituna, carita téh ngagambarkeun pasipatan, watek, jeung budi manusa. Ari para palakuna biasana disimbulkeun ku sasatoan, baroga lambah jeung barisa nyarita cara jalma. Contona dongeng *Kuya jeung Monyet, Peucang Keuna ku Leugeut, Kidang jeung Ajag, Peucang jeung Tutut*, jeung sajabana ti eta.
- 3) Dongeng anu nyaritakeun asal-usulna kajadian tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan. Dongeng anu kitu disebutna dongeng sasakala atawa legenda. golongan carita anu geus turun-tumurun, sumebar, sumebar, sarta ku balarea diaranggap mibanda dasar kasajarahana; atawa sakumna carita wanda kitu anu geus jadi milik sagolongan masarakat. Contona dongeng *Sasakala Gunung Tangkuban Parahu, Mula Nagara Baduy, Sasakala Maung Sancang, Asal-muasalna Oa jeung Aul, Sasakala Pare*, jeung sajabana ti eta.
- 4) Dongeng anu nyaritakeun mahluk ciciptan, bangsaning jurig jeung siluman. Dongeng kieu the sok aya anu dijieun minangka katerangan kana rupa-rupa kajadian, saperti naon sababna pare di sawah beak ku beurit, naon sababna aya sasalad panyakit, jeung sajabana ti eta. Dongeng sarupa kieu sok disebut mite. Upamana dongeng *Kuntianak, Munjung*, jeung dongeng **ngeunaan tempat nu saranget**.

